



Pou Piblikasyon Imedya: 01/06/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE OUVÈTI DE DEVLOPMAN LOJMAN KI NAN PRI ABÒDAB NAN KONTE MONTGOMERY

Veddersburg Apartments ak Holland Circle Apartments pral ajoute 110 kay nan pri abòdab ak ki bay sipò nan vil ak lokalite Amsterdam

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ouvèti de nouvo devlopman ki pral pote yon total 110 kay nan pri abòdab ak ki bay sipò nan Konte Montgomery. Veddersburg Apartments ki fèk fini nan vil Amsterdam nan gen ladan 62 apatman epi Holland Circle Apartments ki kounye a ouvri nan lokalite Amsterdam nan founi 48 kay.

"Gras ak sipò eta a, de nouvo devlopman sa yo pral ede asire ke fanmi yo nan Konte Montgomery gen yon kote ki an sekirite, estab ak abòdab pou yo rele kay yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Administrasyon mwen an ap kontinye travay nan direksyon yon vizyon pou gen yon New York ki pi abòdab ak vivab atravè investisman estratejik nan lojman abòdab ak ki bay sipò ak angajman kontinyèl nou pou ogmante rezèv lojman nan Mohawk Valley ak lòt kote".

Veddersburg Apartments ak Holland Circle Apartments fè pati Plan Lojman global 25 milya dola Gouvènè Hochul la ki pral kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab atravè New York, ki gen ladan 10,000 kay ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elèktrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

Pandan senk ane pase yo, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la te investi plis pase 37 milya dola pou kreye oswa prezève plis pase 200 apatman abòdab nan bilding pou plizyè fanmi yo nan Konte Montgomery.

Veddersburg Apartments

Veddersburg Apartments ki koute 21 milyon dola, sitiye nan 251 East Main Street, gen ladan 62 apatman nan pri abòdab, ki gen ladan 31 ki rezève pou moun ki pral gen aksè nan sèvis sipò sou plas. Finansman operasyonèl pou sèvis sipò yo bay atravè Inisyativ Lojman Sipò Empire State (Empire State Supportive Housing Initiative, ESSHI) la ak Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) Eta a.

Konstriksiyon Veddersburg Apartments retounen itilize yon pasèl teren ki te delabre depi lontan ki gen ladan plizyè estrikti vid, ki gen ladan kay rezidansyèl ak plizyè bilding komèsyal ki vid.

Bilding 62,000 pye kare, twa etaj la gen ladan 12 apatman ki gen yon sèl pyès, 46 apatman avèk yon chanmakouche ak kat apatman avèk de chanmakouche. Apatman yo nan pri abòdab pou fanmi ki touche ant 30 ak 60 pousan Revni Mwayen Zòn (Area Median Income, AMI) nan. Devlopman an te konsevwa dapre règleman pwogram Nouvo Konstriksyon Bilding nan Altitid Ba NYSERDA a ak kay LEED vèsyon 4 la, BD+C.

Finansman pou Veddesburg Apartments yo gen ladan 14 milyon dola nan Kredi Enpo Eta ak Federal sou Lojman pou Moun ki gen Revni Ba yo ak 5 milyon dola sibvansyon ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la. Community Preservation Corporation ap bay yon prè konstriksyon 11 milyon dola epi Capital Region Land Bank ap ede avèk yon sibvansyon 50,000 dola. Biwo Sante Mantal Eta New York la pral bay yon Sibvansyon Devlopman Pwojè 209,000 dola ak finansman operasyonèl atravè ESSHI ki nan 775,000 dola chak ane. Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) la ap bay sibvansyon 57,200 dola atravè pwogram Nouvo Konstriksyon li a.

Holland Circle Apartments

Holland Circle Apartments 20 milyon dola, ki sitiye nan 160 Holland Circle Drive nan lokalite Amsterdam, genyen 48 apatman abòdab ki fèk konstwi nan yon konplèks senk bilding, ki gen ladan 27 inite rezève pou moun ki pral gen aksè a sèvis sipò sou plas yo ke Asosyasyon Sante Mantal nan Konte Fulton ak Montgomery ofri. Tout apatman yo abòdab pou fanmi ki touche 60 pousan oswa pi piti nan Revni Mwayen Zòn lan.

Holland Circle te konstwi an konfòmite ak pwogram Nouvo Konstriksyon Bilding nan Altitid Ba NYSERDA a ak estanda pwogram LEED for Homes V4, epi li pral itilize karakteristik tankou aparèy Energy Star ak aparèy plonbri ki konsève dlo. Rezidan yo pral jwi ekipman ki enkli entènèt Wi-Fi gratis ak yon sal egzèsis sou plas.

Finansman pou Holland Circle Apartments yo gen ladan 9 milyon dola nan Kredi Enpo Eta ak Federal sou Lojman pou Moun ki gen Revni Ba yo ak 2 milyon dola sibvansyon ki soti nan HCR. Kòporasyon Prezèvasyon Kominotè a ap bay yon prè konstriksyon 6 milyon dola ak yon prè pèmanan 8 milyon dola ke Biwo Sante Mantal (OMH) Eta New York pral asire sèvis dèt la. OMH pral bay tou yon fon operasyonèl 103,295 dola chak ane pou 5 inite SP-SRO, plis finansman operasyonèl ankou pou inite tretman apatman ki gen lisans yo. Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la ap bay sibvansyon 48,000 dola atravè pwogram Nouvo Konstriksyon li a.

Se DePaul Housing Management Corporation ki devlope tou de pwojè yo.

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, RuthAnne Visnauskas, te deklare "De nouvo devlopman sa yo pral non sèlman amelyore kalite lavi pou 110 kay avèk lojman modèn, efikas nan enèji ak sèvis sipò enpòtan, men yo pral kontribiyè tou nan revitalizasyon kontinyèl Amsterdam epi bati sou pwogrè ki te fèt ane pase avèk renovasyon Stratton Apartments. Nou remèsye anpil DePaul ak patnè prive ak eta nou yo pou wòl yo nan fè devlopman sa yo vin yon reyalite ak sipòte misyon nou pou amelyore katye yo ak ogmante rezèv kay abòdab nan kominote yo atravè New York".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare, "NYSERDA kontan pou l sipòte devlopman lojman abòdab Veddersburg ak Holland Circle epi felisite devlopè yo paske yo enkli sèvis sipò sou plas yo kòm yon pati nan angajman yo anvè kominote a. Atravè yon vizyon pou revitalize ansyen pwopriyete yo pa te itilize yo, ansanm konplèks sa yo founi 110 nouvo kay pou rezidan Konte Montgomery pandan y ap fè avanse angajman Eta a pou pote lojman ki efikas nan enèji ki an sante, ki an sekirite ak konfòtab nan chak rejyon".

Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare, "Chak rezidan Kingston merite aksè ak yon lojman ki an sekirite ak abòdab, epi mwen fyè dèske Kredi Enpo Federal sou Lojman pou Moun ki gen Revni Ba te founi plizyè milyon dola ki nesèsè pou transfòme espas delabre yo te abandone depi lontan yo pou tounen plis pase 100 nouvo kay nan pri abòdab pou ede rezidan ki pi vilnerab nou yo kontinye viv poukont yo. Mwen bat bravo pou angajman Gouvènè Hochul paske l ogmante aksè nan lojman ki nan pri abòdab atravè Eta New York, epi mwen pral kontinye batay pou m ogmante rezèv lojman ak kreye yon New York ki pi abòdab ak vivab pou tout moun".

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Elaji aksè a opsyon lojman abòdab enpòtan pou Nouyòkè yo. Nouvo devlopman lojman sa yo pral ede asire nou ka satisfè bezwen lojman ak sèvis Konte Montgomery. Mwen fyè pou m sipòte efò Gouvènè Hochul ap fè pou elaji lojman abòdab pou kominote Konte Montgomery a ak nan tout eta a".

Manm Asanble Angelo Santabarbara te deklare, "Avèk achèvman de nouvo konplèks DePaul yo nan Amsterdam, kounye a nou pral kapab founi plis pase 100 fanmi ak moun ki gen revni ba yon kote pou yo rele lakay yo nan yon pri abòdab. Veddersburg Apartments ki efikas nan enèji nan pwent lès vil la pral rezève 31 apatman pou rezidan ki gen dyagnostik sante mantal ki gen aksè a sèvis sipò sou plas DePaul ofri. Menm jan an tou, Holland Circle Apartments nan vil Amsterdam genyen 27 inite pou rezidan ki bezwen sèvis sipò, ke yo pral founi sou plas atravè Asosyasyon Sante Mantal nan Konte Fulton ak Montgomery. Aksè nan lojman dwe devan nan apwòch nou pou sante mantal, paske de defi sa yo gen tandans agrave youn lòt. Pou twòp moun nan kominote nou an, jwenn lojman se yon difikilte. Pandan ke pwojè sa yo pral ede satisfè demann lojman kominote nou an, adrese gwo bezwen an rete yon pi gwo priyorite pou mwen".

Majistra Amsterdam, Mike Ciquanti, te deklare, "Vil nou an kontan dèske DePaul te chwazi envesti nan Amsterdam. Se responsablite chak minisipalite pou fè tou sa li

kapab pou founi kalite lojman rezidan li yo vle, bezwen ak kapab peye. Veddersburg Apartments konble yon twou vid ki genyen nan envantè lojman vil nou an avèk bon jan kalite konstriksyon ak sèvis sipò ki trè respekte".

Prezidan DePaul, Mark Fuller te deklare, "Ouvèti Holland Circle ak Veddersburg Apartments ogmante disponiblite lojman abòdab ak sipò pou moun ak fanmi k ap viv nan Konte Montgomery epi yo pral kontribiye nan ekonomi lokal la atravè kreyasyon travay pandan y ap ogmante angajman ak sèvis kominotè ki deja egziste yo. DePaul rekonesan anvè Gouvènè Kathy Hochul ak patnè yo paske yo ede nou ogmante kapasite nou pou nou founi lojman alontèm oswa pèmanan kote rezidan yo ka jwenn aksè nan sèvis sipò yo bezwen pou viv avèk siksè. Nou pa ka tann pou nou chanje ankò plis lavi pou moun nan Konte Montgomery ak atravè Eta New York yo nan ofri estabilite lojman pou pifò popilasyon vilnerab yo".

Milly Deane, Vis Prezidan Prensipal ak Direktè Rejyon Kapital nan Community Preservation Corporation, te deklare, "Veddersburg ak Holland Circle Apartments se egzanp sou fason investisman ki baze sou misyon nan lojman ka sèvi bezwen inik yon kominote. Nouvo devlopman sa yo pral ede elaji disponiblite bon jan kalite lojman nan pri abòdab epi bay yon anviwònman ki an sekirite ak sipò kote moun ka viv avèk diyite ak respè yo merite. Mwen ta renmen remèsye patnè nou yo nan DePaul pou angajman yo pran nan entegre lojman sipò nan kominote nou yo, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominotè nan Eta New York pou travay kontinyèl yo, ak tout patnè nou yo paske yo fè New York vin pi bon abòdab ak ekitab".

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418